

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa Sunda téh kaasup basa daérah nu masih kénéh dimumulé tur dipaké ku masarakatna. Salasahiji buktina dijanggélékkeun dina pangajaran nu wajib ditepikeun ti mimiti Sakola Dasar nepi ka SMA. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Sakumaha anu kaunggel dina UUD 1945, Bab XV, péréléan pasal 36, anu nétélakeun yén “di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hadé, éta basa-basa téh bakal diajénan jeung dipiara ogé ku nagara”. Salian ti éta, diwewegan deui ku ayana PERDA Nomor 5 taun 2003 bab IV pasal 7, ngeunaan miara basa, sastra jeung aksara daérah, basa daérah diajarkeun di pendidikan formal jeung non-formal di Jawa Barat. Diwuwuh deui ku ngajanggélékna kaputusan Gubernur Nomor: 423.5/Kep.672-Disdik/2006, ngeunaan Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar sarta panduan nyusun Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan 2006 mata pelajaran basa jeung sastra Sunda. Mun ditilik sacara yuridis formal, kacida kuatna ku ayana tatapakan hukum di luhur.

Dina KTSP taun 2006 pangajaran basa Sunda mibanda opat kaparigelan basa anu diajarkeun ka siswa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis anu bener tur luyu jeung aturan tata basa. Ngaregepkeun jeung nyarita dianggap primér, sedengkeun maca jeung nulis dianggap sékundér, anu dina kahirupan sosial geus nunjukkeun lalakon anu kawilang gedé pisan. Tapi anu disebut kagiatan réseptifna mah nya éta ngaregepkeun jeung maca, ari nyarita jeung nulis mah kaasup kagiatan produktif.

Kaparigelan maca mangrupa salasahiji aspék tina kaparigelan makéna basa. Gunana pikeun narima informasi tinulis. Hal ieu téh luyu jeung pamadegan Hodgson dina Tarigan (2008:7) nu nétélakeun yén maca téh nya éta hiji prosés anu dipilampah sarta digunakeun ku nu maca pikeun narima informasi nu

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : *Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6*

*Bandung Taun Ajaran 2012-2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](http://Repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](http://Perpustakaan.upi.edu)

ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan média tulis. Kagiatan maca mangrupa salasahiji kagiatan ngaregepkeun, ogé mangrupa kagiatan komunikasi, ku sabab maca téh teu béda jeung narima informasi tina buku-buku. Kiwari, élmu pangaweruh jeung téknologi gedé pisan pangaruhna kana widang informasi. Sagala informasi bisa sumebar ku cara gampang tur gancang. Hal ieu taya lian dibantuan ku média citak jeung média éléktronik. Tangtu waé geus pada mikanyaho yén maca téh mangrupa jandélana dunya, konci pikeun diajar. Sabab maca miboga kauntungan anu kacida gedéna. Sawatara kauntunganana, nya éta: a) bisa nyangkem atawa meunang informasi anu bisa dijadikeun bahan dina nyarita jeung nulis, b) bisa leuwih akrab jeung tehnik-tehnik sarta sagala métode anu bisa digunakeun ku para panulis dina ngébréhkeun pamadegan, sarta c) ku cara maca urang bisa nambahan wawasan atawa élmu pangaweruh, anu asalna teu nyaho jadi nyaho, anu asalna teu bisa jadi bisa.

Dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar pangajaran maca nu perlu diajarkeun di SMA nya éta maca warta. Siswa SMA Negeri 6 Bandung hususna kelas X-2 dipiharep miboga kamampuh pikeun maca maké basa Sunda nu hadé jeung bener sarta lancar pikeun macakeun téks warta. Ieu hal luyu jeung matéri anu aya dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan dina Standar Kompetensi: *10.3 Mampu memahami dan menanggapi wacana tulis melalui membaca sejarah lokal/cerita babad, puisi, dan berita dari surat kabar/ majalah/media elektronik* kalayan Kompetensi Dasar: *10.3.3 Membaca berita (warta) dari surat kabar/majalah/media elektronik*. Dina kanyataan anu karandapan di kelas X-2 di SMA Negeri 6 Bandung mayoritas siswana cicingeun jeung pasif. Lamun siswa dibéré pancén pikeun maca warta di hareupeun kelas ku cara latihan sorangan tuluy midang kalayan waktu kurang leuwih lima menit, masih kénéh sok hésé nepikeun warta kalayan lancar, komo maké basa Sunda nu hadé jeung bener, siswa gé leuwih bisa jeung resep kana maca warta Indonesia tibatan warta Sunda.

Alesanana, siswa ngarasa jeung nganggap yén basa Sunda téh kacida héséna, leuwih *asing* tibatan basa deungeun. Sarta loba siswa nu ngarasa sieun maké basa Sunda. Alatan siswa sieun waktu dina makéna basa, kadéngéna kasar atawa teu merenah ku jalma séjén nu ngarti kana undak-usuk basa. Aya sababaraha

bangbaluh anu biasa karandapan ku siswa dina waktu maca warta. Salian ti geumpeur dina nyarita. Loba siswa anu artikulasi kurang jéntré dina maca kecap atawa istilah dina téks warta. Siswa sok salah dina kaparigelan anu sifatna mékanis, nya éta mikawanoh wangun huruf, mikawanoh unsur-unsur linguistik, mikawanoh koréspondénsi pola éjahan jeung sora atawa kamampuh nyoarakeun bahan tinulis. Jeung kaparigelan anu sifatna pamahaman, nya éta nyangkem kana wangenan anu basajan, nyangkem signifikansi atawa ma'na, évaluasi atawa penilaian (eusi, wangun), gancangna maca anu fléksibel, (Broughton dina Tarigan 2008:12-13).

Salian ti alesan di luhur, pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMA Negeri 6 Bandung ukur dibéré waktu sajam pelajaran. Sjam palajaranna ukur 45 menit, jadi lamun siswa di téns maca warta di hareupeun kelas téh moal éféktif pisan waktuna, sabab waktu pikeun medar materi jeung nyiapkeun média pangajaran geus béak. Sanajan kitu siswa teu matak jadi peunggas harepan dina diajar maca warta. Salasahiji cara sangkan siswa kataji dina maca warta, guru kudu bisa ngawangun suasana diajar anu leuwih kréatif jeung inovatif. Utamana ngarobah média pangajaran anu monoton, jadi pangajaran anu leuwih loba ngajak siswana ngalaksanakeun interaksi pikeun ngamekarkeun pangaweruh jeung sakabéh poténsi anu dipibogana. Nepi ka prosés pangajaran bisa lumangsung kalawan rékréatif (*menyenangkan*), ngabogaan ma'na (*éféktif*), dialogis jeung dinamis.

Dina ieu panalungtikan, sangkan ngahudang rasa kréatif, inovatif jeung *produktivitas* siswa dina pangajaran maca warta, digunakeun média *audio-visual* salaku média pangajaran. Média *audio-visual* mangrupa alat atawa sarana dina wujud tilu diménsi nu bisa digunakeun salaku conto atawa objék dina pangajaran maca. Média *audio-visual* nya éta alat ngahasilkeun atawa nepikeun matéri pangajaran ngagunakeun mesin-mesin mékanis jeung éléktronik pikeun nepikeun pesen-pesen *audio* jeung *visual* (Arsyad, 1997:30).

Ceuk Sukiman (2012:153) média pangajaran berbasis *audio-visual* nya éta média anu digunakeun pikeun nepikeun pesen ngaliwatan indera panénjo jeung indera pangreungeu. Wanda média ieu ngabogaan kamampuh anu leuwih hadé tibatan wanda média *visual* wungkul atawa wanda média *audio* wungkul. Ku

sabab ngawengku unsur média jeung unsur gambar. Dipiharep ku dipakéna ieu média bisa jadi pangrojong dina kagiatan diajar-ngajar anu rékréatif (*menyenangkan*), ngabogaan ma'na (*efektif*), dialogis, jeung dinamis téa.

Ieu panalungtikan lain panalungtikan anu munggaran, sabab saméméhna geus aya panalungtikan séjén anu nalungtik kaéféktifan média *audio-visual*, kalawan judul “*Éfektivitas Média Audio-Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nepikeun Biantara Siswa Kelas XI MTs Negeri Sukasari Cimahi*”, anu ditalungtik ku Lilis Wahyu Winarni taun 2010. Sarta hasilna katangen éféktif. Tapi panalungtikan ngeunaan nguji éféktivitas média *audio-visual* dina pangajaran maca warta mah can aya. Ku kituna, nyoko kana sawatara masalah di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran maca warta di SMA anu judulna “*ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL DINA PANGAJARAN MACA WARTA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013)*”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Ku lantaran pangajaran maca loba rupana, ku kituna ieu panalungtikan perlu diwatesan sangkan jéntré sarta henteu méngpar ti nu geus ditangtukeun. Watesan masalah dina panalungtikan ieu nya éta nalungtik éféktif henteuna Média *Audio-Visual* dina Pangajaran Maca Warta Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013 kalayan kritéria nu di ajén nya éta nyangkem eusi, ucapan (*artikulasi*), lentong jeung réngkak paripolah (*gesture*).

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun jadi sababaraha patalékan, sangkan masalah pedaran nyoko kana objék anu rék ditalungtik, nya éta ieu di handap.

- a) Kumaha prakprakan pangajaran maca warta ka siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung ngagunakeun média *audio-visual*?

- b) Kumaha kamampuh siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013 dina maca warta saméméh ngagunakeun média *audio-visual*?
- c) Kumaha kamampuh siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013 dina maca warta sanggeus ngagunakeun média *audio-visual*?
- d) Naha média *audio-visual* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna miboga tujuan. Saluyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun, tujuan tina ieu panalungtikan dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan khusus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nguji Éféktivitas Média *Audio-Visual* dina Pangajaran Maca Warta Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun masalah:

- 1) prakprakan pangajaran maca warta siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung ngagunakeun média *audio-visual*;
- 2) kamampuh maca siswa saméméh ngagunakeun média *audio-visual* dina pangajaran maca warta;
- 3) kamampuh maca siswa sanggeus ngagunakeun média *audio-visual* dina pangajaran maca warta;
- 4) éféktivitas média *audio-visual* dina pangajaran maca warta.

### 1.4 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén. Méthode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nya

éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Kamampuh siswa diukur dua kali, nya éta pretés jeung postés.

Métode ékspérimén mangrupa hiji métode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

## 1.5 Mangpaat Panalungtikan

### 1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan média pangajaran anu hadé dina pangajaran maca warta. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun dijadikeun hiji bahan literatur pangajaran di sakola, anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa jeung ngaronjatkeun daya produktivitas siswa dina maca warta anu leuwih alus.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, diantarana:

- 1) siswa bisa aktif dina prosés pangajaran sarta bisa nambahan élmu pangaweruh jeung kaparigelan siswa dina pangajaran warta;
- 2) guru bisa ngamangpaatkeun média, hususna média *audio-visual* dina pangajaran séjén, henteu ngan saukur dina pangajaran warta. Kulantaran média pangajaran bisa ngaronjatkeun kualitas diajar;
- 3) média *audio-visual* bisa dijadikeun *masukan* pikeun sakola, lantaran média *audio-visual* jarang dipaké ku guru-guru; jeung
- 4) ngagunakeun média *audio-visual* méré mangpaat keur panalungtik pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan média pangajaran tur bisa digunakeun di sakola séjén

## 1.6 Sistematika Nulis

Dina nulis karya ilmiah tangtu kudu ngaruntuy sacara sistematis saperti:

### BAB I Bubuka

Dina ieu bab téh didadarkeun perkara kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, metode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nulis.

### BAB II Kajian Tiori atawa Rangkay Tiori

Nu jadi kajian jeung rangkay tiori dina ieu skripsi nya éta média *audio-visual*, maca, jeung warta. Di dieu dipedar tiori-tiori ti mimiti wangenan, mangpaat, kritéria, jrrd. anu aya pakaitna jeung pedaran-pedaran di luhur sarta anggapan dasar jeung hipotésis.

### BAB III Méhode Panalungtikan

Eusina ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

### BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Analisis Data

Eusina ngeunaan pedaran jeung déskripsi tina hasil panalungtikan, analisis data hasil panalungtikan.

### BAB V Kacindekan jeung Rékomendasi

Eusina ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan. Salian ti éta, aya rékomendasi anu ditepikeun ka nu maca.

Tangtu waé, lian ti babagian di luhur aya ogé babagian panglengkep séjénna. Boh bagian di awal boh di ahir saperti pangjajap, daftar eusi, daftar pabukon, jeung lampiran.